**दिन–शनिवार** **दिनांक–30.08.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ
अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि सवेरे एगारह बजे आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम मे देश–विदेशक लोकक संग अपन विचार साझा करताह। ई एहि कार्यक्रमक एक सय पच्चीसम संस्करण होयत। कार्यक्रमक प्रसारण आकाशवाणी आ दूरदर्शनक सभ नेटवर्क पर कयल जायत। एकर अतिरिक्त ई कार्यक्रम आकाशवाणीक वेबसाइट आ न्यूज ऑन एआईआर मोबाइल ऐप पर सेहो उपलब्ध होयत। कार्यक्रम के प्रसार भारतीक वेव्स ओटीटी प्लेटफॉर्म पर सेहो सुनल जा सकैत अछि। मन की बात कार्यक्रमक आकाशवाणी, दूरदर्शन समाचार, प्रधानमंत्री कार्यालय आ सूचना तथा प्रसारण मंत्रालयक यू–ट्यूब चैनल पर सेहो सीधा प्रसारित होयत। एकर तुरंत बाद मैथिली भाषा मे एकर प्रसारण आकाशवाणीक दरभंगा केन्द्र सँ कयल जायत, जकरा दोबारा राति आठ बजे सेहो सुनल जा सकत।

---

बिहार मे चलि रहल मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण अभियानक अंतर्गत एखन धरि दू लाख एगारह हजार छओ सय पचास मतदाता प्रारूप सूची पर दावा आपत्ति दर्ज करबौलनि अछि। ओतहि, राजनीतिक दल मे सभ सँ बेसी एक सय आठ दावा आपत्ति भाकपा माले दिस सँ जखनकि नओ दावा आपत्ति राजद दिस सँ कयल गेल अछि। दस आन मान्यता प्राप्त दल दिस सँ कोनो दावा आपत्ति नहि कयल गेल अछि। एखन दावा आपत्ति लेल तीन दिन बचल अछि। मतदाता सूची मे नाम जोड़बाक लेल एगारह लाख छत्तीस हजार पाँच सय पैंसठ नव आवेदन प्राप्त भेल अछि। एम्हर, जिला प्रशासन दिस सँ सभ जिला मे मतदान केन्द्र सभ पर तीन दिवसीय विशेष अभियानक आयोजन कयल जा रहल अछि। एकर अंतर्गत सभ मतदान केन्द्र पर बीएलओ उपलब्ध रहताह आ मतदाताक दावा–आपत्ति समेत मतदाता सूची सँ संबधित आनो आवश्यक काज मे मददि करताह।

---

कांग्रेसक वरिष्ठ नेता आ लोकसभा मे नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधीक भोटर अधिकार यात्रा आइ सारण जिलाक एकमा सँ शुरू भेल। ई यात्रा भोजपुर जिला मे सेहो पहुंचल। यात्रा मे समाजवादी पार्टीक प्रमुख अखिलेश यादव, राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव, सीपीआई मालेक महासचिव दीपांकर भट्टाचार्य, वीआईपी प्रमुख मुकेश सहनी आ राजद प्रमुख लालू प्रसादक पुत्री रोहिणी आचार्य समेत महागठबंधनक कतेको नेता एहि यात्रा मे सम्मिलित भेलाह।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक विरूद्ध दरभंगा मे अपमानजनक टिप्पणी कयल जयबाक विरोध मे भारतीय जनता पार्टी आइ संपूर्ण प्रदेशक जिला मुख्यालय मे मौन प्रदर्शन कयलक। केन्द्रीय मंत्री नित्यानंद राय सीतामढ़ी में जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक माताक विषय मे अपशब्द कहि कऽ महागठबंधकनक लोक अपन संस्कृतिक परिचय देलनि अछि।

———————————————————————————

पड़ोसी राज्य झारखंड आ उत्तर प्रदेश मे बरखाक कारणे बिहार मे बहयवाली गंगा, सोन, गंडक, बूढ़ी गंडक समेत विभिन्न नदीक जलस्तर बढ़ि रहल अछि। गंगा नदीक जलस्तर पटनाक गांधी घाट आ मुंगेरक भागलपुर तथा कहलगांव मे बढि रहल अछि। ओतहि, बेगूसराय जिलाक साम्हो प्रखंडक निचला क्षेत्र मे गंगाक पानि पसरि गेला सँ स्थिति बद्तर भऽ गेल अछि। मुंगेर जिलाक कतेको पंचायत मे बाढ़िक पानि पसरि गेल अछि। सोन नदी पटनाक मनेर मे लाल निशान सँ ऊपर बनल अछि। बूढी गंडक नदी खगड़िया मे जखनकि गंडक नदी गोपालगंजक डुमरिया घाट पर उफान पर अछि। दरभंगा मे जिला पदाधिकारी कौशल कुमारक अध्यक्षता मे बाढ़ि सतर्कता के लऽकऽ एक महत्वपूर्ण बैसार कयल गेल।

———————————————————————————

प्रदेश मे मॉनसूनक सक्रियता मे कमी अयला सँ विभिन्न स्थान पर कम बरखा दर्ज कयल गेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटा मे सीतामढी, मधुबनी, दरभंगा, कटिहार, बांका आ भागलपुर समेत प्रदेशक उत्तर–मध्य आ दक्षिण–पूर्व भाग मे विभिन्न स्थान पर मेघगर्जन आ ठनका खसबाक संभावना अछि।

———————————————————————————

राजगीर मे खेलल जा रहल बारहम पुरूष एशिया कप हॉकी प्रतियोगिताक आइ दोसर दिन बांग्लादेश चीनी ताइपे के आठ–तीन सँ पराजित कऽ देलक अछि। आइए खेलल गेल दोसर मैच मे मलेशिया दक्षिण कोरिया के चारि–एक सँ पराजित कयलक। एहि सँ पूर्व काल्हि खेलल गेल मोकाबिला मे मेजवान भारत चीन के चारि तीन सँ पराजित कऽ देलक। भारतीय टीमक अगिला मोकाबिला काल्हि जापान सँ होयत।

————————————————————————————

वंदे भारत एक्सप्रेस ट्रेनक परिचालन आब पूर्णियाक बदला अररियाक जोगबनी सँ कयल जायत। रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव जनताक मांग पर एकर स्वीकृति देलनि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पन्द्रह सितम्बर के पूर्णियां मे आयोजित एक कार्यक्रम मे एहि ट्रेन के हरियर झंडी देखौताह।

————————————————————————————

समाप्त भेल।